yaw sama Boroom maa ngi lay ñaan bul def sama bàmmeel ab xërëm

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "yaw sama Boroom maa ngi lay ñaan bul def sama bàmmeel ab xërëm, Yàlla rëbb na nit ñiy jàppe bàmmeelu seeni Yónente ay jàkka".

[Wér na] [Ahmat soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewël ak mucc- dafa ñaan Boroomam mu bañ a def bàmmeelam ab xërëm bu nit di jaamu ci di ko màggal, ak di ko jublu buy sujjóot. Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-wax na ne Yàlla soreele na yërmaandeem képp kuy jàppe bàmmeel i Yónente yi ay jàkka; ndax jàppe ko ay jàkka yoon wu jëm ci jaamu ko la ak di ci am ay pas-pas.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3336